

PAJ ENFÒMASYON POU PLAN PWOJÈ A

DEPATMAN TRANSPÒ NAN ETA FLORID



State Road (S.R.) 5/U.S.-1/Biscayne Boulevard ant NE 55 Terrace ak NE 58 Street No. Idantifikasyon pwojè a: 250629-9-32-01

FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwen kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Enstale limyè siyal kote pou travèse lari nan mitan blòk sou S.R. 5/U.S.-1 Biscayne Boulevard ant NE 55 Terrace ak NE 58 Street
- Sijere enstalasyon poto limyè sou bò sid la pou satisfè demann ekleraj nan nouvo kote pou moun travèse lari a.
- Reasfalte wout la kote sa nesesè epi pentire siyalizasyon atè nan lari a

PWOTEKSYON

- Enstale afich pou pyeton ak limyè siyal pou pyeton k ap konte valè tan ki rete pou yo travèse nan kote yo pwopoze mete pou travèse lari a
- Enstale pankad ki make "Pyeton pa travèse la a" ak pankad ki make "Sèvi ak pasaj pou pyeton" pou montre pyeton kote yo pwopoze pou yo travèse lari a nan mitan blòk la.
- Enstale pankad pou fè machin kanpe ak pankad "Kanpe la a pou pyeton"
- Enstale pankad "Pyeton pa travèse la a" ak pankad "Sèvi ak kote pou pyeton travèse a" pou siyale pyeton pou travèse lari a nan kote ki fèt pou sa nan mitan blòk la
- Enstale yon nouvo manch ak limyè siyal k ap sèvi nan kote yo sijere pou travèse lari a nan mitan blòk la
- Ralonje separasyon nan mitan lari a pou anpeche machin k ap soti nan NE 57 Street vire agoch sou S.R. 5/U.S. 1/Biscayne Boulevard nan direksyon sid.

REZISTANS

- FDOT fè plan pou l bati enfrastrikti dirab ki kapab adapte ak egzijans klima Florid la menm

CHÈN APWOVIZYÒNMAN


- FDOT investi nan wout ak kote ki kab sèvi sistèm transpò a fasilite depasman machandiz ki itil kominote nou ak lòt kote tou.

TEKNOLOJI

- Enstale nouvo limyè siyal nan kote yo pwopoze pou moun travèse lari a nan mitan blòk la.

DEVLOPMAN MENDÈV

- FDOT pran kontraktè lokal pou fè travay yo ak lide pou pote avantaj ekonomik nan kominote a.



KOTE YO PRAL BATI PWOJÈ A

VIL MIAM
MIAMI-DADE COUNTY I

VALÈ KÒB SA KA KOUTE

\$604,000

KALANDRIYE TRAVAY LA

Prentan 2027 — Ivè 2028

Avi: Ka gen chanjman nan pri travay la ak dat yo.

MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Pandan y ap fè travay yo, y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou machin antre soti kay moun ak nan biznis ki sou bò kote y ap fè travay yo.

KONTAK

FDOT Community Outreach Specialist
Maria Larrazabal | maria.larrazabal@dot.state.fl.us | 305-470-5477

SUIV NOU



MyFDOT_Miami



MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou nouvèl sou lòt pwojè FDOT.

